

Be Red Cross Ready

Prepare so you can protect.



Kijan pou nou Prepare pou yon Siklòn Twopikal (Tanpèt/Ouwagan/Tifon Twopikal)

Kisa yon siklòn twopikal ye?

Yon siklòn twopikal se yon non jenerik ke yo bay a yon sistèm òganize e ki ap vire de nyaj ak loraj ki te fòm sou dlo cho. Yo klasifye siklòn twopikal yo depandan de vitès van ki pote yo a:

- Depresyon Twopikal: Vitès van maksimòm 38 mph oswa mwens
- Tanpèt Twopikal: Vitès van maksimòm soti nan 39 mph rive nan 73 mph
- Ouwagan oswa Tifon: Vitès van maksimòm de 74 mph oswa pi plis (nan Atlantik Nò, Karayib, Gòl Meksik, Psifik Nò santral ak oryental, yo
- itilize mo "ouwagan"; nan Pasifik Nòdwès, yo itilize "tifon".
- Gwo Ouwagan: Vitès van maksimòm de 111 mph oswa pi plis (Kategori 3, 4, 5 sou Echèl Van Ouwagan Saffir-Simpson, yon sistèm ki baze sou vitès van ki ak ouwagan, ki estime kantite domaj byen ke van ka koze. Efè inondasyon ak ond tanpèt yo pa fè pati de echèl sa).

Lè ou konnen ki danje ki afekte kominote ou ak lè ou aprann kisa ou dwe fè avan, pandan ak aprè chak, sa ap ede ou rete an sekirite, ogmante kapasite ou pou ou adapte, konsa ou ap kapab rekipere ou oswa 'kanpe sou de pye ou' rapidman. Nou ap travèse yon tan ki difisil pandan ke nou ap konstate enpak maladi pandemi kowonaviris 2019 la yo (COVID-19). Konprann ke planifikasyon ou kapab diferan ane sa paske ou bezwen pwoteje tèt ou ak lòt moun kont COVID-19. Prepare kounya pou ou kapab reponn a nenpòt ki danje ke ou ka fè fas, pande ou ap pwoteje tèt ou, pwòch ou yo, ak vwazen ou kont COVID-19.

Konprann siklòn tropikal – danje ke li genyen

Enpak siklòn tropikal yo ka etann yo sou yon espas ki laj anpil. Pi gwo menas pou lavi soti nan dlo – nan fòm de ond tanpèt ak inondasyon sou tèren.

- Ond tanpèt ka fè nobo dlo a leve rapidman epi inonde gwo espas nan kek minit, ki ka poze gwo danje pou moun nwaye. Ond tanpèt ka vwayaje sou tè ak sou dlo ki ka koze plis inondasyon.
- Gwo lapli ak inondasyon sou tè. Inondasyon ki soti nan gwo lapli se dezyèm koz de fatalite. Lapli toransyèl jeneralize kapab lakoz inondasyon nan plizyè santèn kilomèt sou tè e yon ka pèsiste pandan plizyè jou apre tanpèt fin pase.
- Gwo van ka detwi imèb ak kay ki manifaktire. Bagay moun kite deyo kapab tounen misil kap vole. Ni fòs van tanpèt twopikal ak ni van fòs ouwagan danje.
- Tonad jeneralman rive nan band lapli ki lwen sant tanpèt la.
- Vag danjere ka pwodi kouran arachman mòtèl lwen tanpèt la.
- Enpak la ka rive nan plizyè kilomèt sou tè, ki lakoz pan kouran, dlo, gaz, kominikasyon; wout bloke oswa detwi; ratman manje, bidon dow, medikaman, materyèl pou kay; fèmeti etablisman medikal.

Konprann ki danje ki plis ka rive ou

Après, detèmine ki jan ou ka ekspozé a chak danje pou kote ou ye a - kote ou abite, kote ou lekòl, travay, jwe. Kontakte ajans gouvènman oswa otorite loka ou ki la pou jere ijans pou èd pou konprann danje ki plis ka afekte kote ou ye, tankou ond tanpèt, inondasyon rapid, larivyè debòde, gwo van, tonado, ak kouran arachman.

- Jwenn enfòmasyon kontak pou [gouvènman eta, lokal ak tribi ak ajans](#), ak pou [eta, lokal ak tribal yo, ak pou ajans jestyon ijans eta yo](#).
- Chache konnen ki plan de repons kominote ou an genyen pou danje sa yo epi detèmine si plan sa yo te adaptee akòz de COVID-19. Rete okouran sou konsèy ak restriksyon ki soti nan men otorite sante eta ak lokal yo paske sa gendwa afekte

aksyon ou yo ak resous ki disponib.

- Chache konnen si ou abite nan yon zòn ki dezinye pou evakiyasyon nan ka yon ond ouwagan. Anpil kominote gen zòn evakiyasyon ak wout ki dezinye. Familiarize tèt ou ak yo, konsa si otorite lokal yo ta mande pou evakiye, konsa wap konnen si sa afekte ou epi ki kote pou ou ale.
- Chache konne si ou abite nan yon zòn inondasyon. Zòn inondasyon se kote ke gouvènman federal la make sou kat, pou enfòmè rezidan yo de risk pou inondasyon.

Prepare w pou reponn a bezwen elemantè ou yo

Siklòn tropikal yo kapab koupe kouran, koupe kouran, bloke wout, deranje repons sèvis ijans yo, epi lakoz boutik ak famsi yo fèmen pandan yon tan ki long. COVID-19 ajoute sou konpleksite li. Prepare kounya pou ou ka gen konesans, teknik ak materyèl ki enpòtan pou rete an sekirite epi reponn a bezwen ou yo.

Aprann teknik enpotan yo: Pran tan pou ou apran teknik enpotan yo ke ou ka bezwen.

- Aprann Premye Swen ak CPR. Lakwa Wouj gen yon varyete de [klas sou entènèt](#) pou ou aprann teknik sa yo. Epi tou, telechaje aplikasyon gratis [Premye Swen an](#).
- Aprann kijan pou pwoteje tèt ou ak pwòch ou yo kont COVID-19 nan [cdc.gov/coronavirus](#) ak [redcross.org/coronavirus](#).
- Aprann kijan pou ou fèmen dlo ak limyè ou sizoka yo ta mande ou fè sa. Aprann kijan ou ka itilize ekipman an tout sekirite i.e. dèlko, batri de rezèv pou ekipman medikal, eks.

Rasanble materyèl ijans yo: Asanble 2 kit materyèl ijans ak kantite medikaman preskripsyon pou 1 mwa. Kòmanse ak [lis materyèl de baz sa](#). Ba tèt ou plis tan ke dabitib pou prepare materuèl ou yo. Livrezon a la mezon se mwayen ki pi sekirize pou achte materyèl; men sa gendwa pa yon opsyon pou tout moun. Si achte an pèsòn se sèl chwa ke ou genyen, pran mezi pou [pwoteje sante ou ak sante lòt moun lè ou al fè komisyon ki esansyèl yo](#). Pwoteje tèt ou ak lòt moun lè ou al chache [preskripsyon](#) nan limite vizit an pèsòn nan famasi an. Enskri pou livrezon pa lapòs oswa rele famasi a pou preskripsyon ou an alavans epi itilize gichè chofè lè ou al chache li, si sa disponib. Pèsonalize kit ou a selon sa ou bezwen. Estoke manje ki pa bezwen refrijeryasyon. Ranplase regilyèman bagay tankou glo, manje, medikaman, batri ki gate apre kèk tan. Pran materyèl pou netwayaj, dezenfektan ak ijyèn pou pwoteje kont COVID-19.

- **Ki pou rete lakay (materyèl ijans pou 2 semèn):** Mete ladan tout bagay ou bezwen pou rete lakay ou pandan omwen 2 semèn tankou manje, dlo, materyèl pou netwayaj ak dezenfekte, savon, pwodi an papye ak materyèl pou ijyèn pèsònèl.
- **Kit evakiyasyon (materyèl pou 3 jou nan yon valiz transpòtab):** Dezyèm kit ou an dwe lejè, pi piti ke ou ka pran ale ak ou si ou bezwen evakiye. Mete ladan li tout bagay ou bezwen pou ou rete pou kont ou pandan 3 jou - manje, dlo, materyèl ijyèn, ak materyèl pou netwayaj ak dezenfektan ke ou ka itilize pandan wap vwayaje (sèvyèt, dezenfektan ak 60% alkòl ak sèvyèt dezenfektan). Asire ou ke ou gen [kouvèti an twal pou figi](#), tankou mask, foula, pou tout moun lakay ou ki ka mete youn an tout sekirite. Yo pa sipoze mete kouvèti an twal sou vizaj jèn timoun ki gen mwens ke laj 2 zan, okenn moun ki gen difikilte respire, oswa ki pa an mezi retire kouvèti an poukont li san èd lòt moun. Sonje, mete yon kouvèti pou figi pa yon ranplasan pou distans fizik. An piblik, prepare w pou ou kontinye kenbe distans 6 pye ant oumenm ak lòt moun EPI mete kouvèti an twal pou figi an si ou ka fè sa an tout sekrite.
- **Kantite medikaman ki ka dire 1 mwa ki gen ladan li medikaman** ou ka achte san preskripsyon tankou medikaman pou tous ak lafyèv ak materyèl oswa ekipman medikal. Kenbe baya sa yo menm kote nan veso ki sepra konsa ou ka pran yo si ou ta bezwe evakiye.

Planifye

Baze sou kote ou ye, plan kominote a yo, sikonstans yo, fè pwòp plan pa ou pou evakiyasyon ak/oswa abrite an plas. Sonje, otorite lokal yo se pi bon sous enfòmasyon lè ou bezwen konnen si pi evakiye oswa abrite an plas pandan yon ijans.

Planifye Evakiyasyon

Èske ou ap viv nan yon zòn ki gen chans ekspozè a danje sa yo?

- Bò lanmè, tou pre kouran dlo? Oswa, nan yon zòn evakiyasyon ond tanpèt ouwagan?
- Nan yon zòn ki inonde sounvan? Oswa, nan yon zòn inondasyon?
- Nan yon kay manifaktire oswa yon feyikil rekreyasyonèl / mobil?

Kidonk, prepare w pou evakiye. Konnen kisa plan evakiyasyon kominote w la ye. Epi, fè plan evakiyasyon avèk moun lakay ou yo.

Konnen ki kote ou prale, kijan ou ap rive la, ki kote ou ap rete, kijan ou ka pwoteje tèt ou kont COVID-19, ak kisa w ap pote.

- Mande zanmi / fanmi ou ki nan zòn ki pa afekte si ou kapab rete avèk yo. Si yo gen moun lakay yo ki gen [pou gwo risk pou maladi grav akòz COVID-19](#), fè lòt aranjman. Tyeke avèk otèl, motel, tèren camping pou w wè si yo ouvè. Cheche konnen ki resousabri pwovizwa ki disponib nan men otorite jesyon ijans lokal yo, epi si planabri yo adapte a COVID-19. Familiarize tèt ou ak rekòmasyon CDC a yo pou rete an sekirite anndan kay. yon [abri piblik pou dezaz](#) pandan COVID-19. Gen yon plan pou animal domestik ou yo.
- Si ou pral bezwen transpòtasyon, planifye kounya. Si ou pral bezwen itilize transpò piblik, tankou pratranzit, kontakte ajans jesyon ijans lokal ou a pou ou mande kijan evakyasyon an pral fèt. Si ou ge yon machin, kenbe li nan bon kondisyon epi kite tank li plen ak gaz.
- Kay mobil, manifaktire, ak veyikil rekreyasyonèl (RV) pa kapab ba ouabri ki sekirize kont fòs tanpèt twopikal oswa fòs van ouwagan. Sang oswa lòt kòd pap ka bay pwoteksyon. Rezidan dwe evakiye lè otorite lokal yo mande sa.
- Si ou gen enfimite, bezwen asistans lè wap mache, pa wè byen, avèg, difisil pou tande oswa soud, devlope yon plan evakyasyon konplè avèk fanmi ou ak moun ki ap baw swen yo. Evalye kapasite ou yo ak bezwen ou yo avan, pandan et aprè yon dezaz. Kreye yon rezo pou sipò pèsònèl pou ede ou. Si ou resevwa tretman medikal regilyèman, travay ak responsab swen sante ou pou detèmine kijan pou kenbe tretman si ou ta bezwen evakiye.
- Sonje, si otorite yo konseye ou pou w evakiye, prepare ou pou ou ale imedyatman avèk kit evakyasyon ou ("valiz transpòtab" ki gen materyèl ijans yo).

Planifiye Abrite-an-plas

Si ou pa nan zòn ke yo rekòmande pou evakyasyon, ou ka toujou deside pou kite zòn nan baze sou kondisyon sante ou yo, ou ka bezwen deplase ale kote ki pi wo akòz de inondasyon, oswa ou ka chwazi rete lakay ou. Si ou deside rete lakay, fè plan pou ou abrite an plan an sekirete.

- Idantifye tonabri sekirize kont gwo van, tankou yon [Chanm Sekirize FEMA](#) oswa yonabri taanpèt ICC 500. Lòt pi bon pwoteksyon an se yon ti chanm enteryè, san fenèt nan yon bilding ki djanm nan etaj ki pi ba ki pa riske inonde.
- Idantifye yon sou kouran derezèv pou ekipman medikal ki itilize kouran. Chache gen radyo, flash ki itilize pil ak/oswa lanp ki itilize pil, ak pil de rezèv.
- Si ou nan yon zò ki riske inonde, dezinye yon kote ki pi wo ke ou ka ale avan inondasyon yo jwenn ou.

Asire ou ke ou prete atansyon a kondisyon ki ap chanje yo

Gen aksè a alèt metewo yo ak mesaj pou ou ka kontwole kondisyon yo epu resevwa enstriksyon nan men otorite lokal yo pandan yon pàn kouran.

- [Sant Nasyonal Ouwagan \(NHC\)](#) se sous ofisyèl pou konsèy sou siklòn twopikal ak previsyon, epi li responsab pou voye alèt ak avètisman sou siklòn twopikal nan Etazini. Enpak lokal ap soti nan men [biwo sèvis metewo](#) lokal ou.
- Konnen ki tip de mesaj pou ou atann e kisa ou bezwen fè lè ou resevwa yo.
- Anrejistre pou resevwa alèt ijans gratis ke kominote ou a ofri. Telechaje [Aplikasyon Ijans](#) lan gratis
- Konprann plan kominote ou an pou alète moun ki gen enfimote yo.
- Achte radyo ki itilize pil pou ou resevwa enfòmasyon nan men otorite lokal yo pandan ke gen pàn kouran. Radyo metewo ak afichaj an text ak alèt flache disponib pou moin ki soud/tande di.

Fè yon plan kominikasyon

Kreye yon plan pou ou rekonekte ak pwòch ou yo si rezo kominikasyon yo ta tonbe. Ou dwe gen yon batery de rechanj pou rechaje telefòn selilè ou.

- Ranplin yon [kat kontak](#) pou chak manm nan fwaye ou, epi asire ou ke ou mache ak li.
- Dezinye yon kontak ki nan yon lòt vil ki ka ede fanmi ou rekonekte.
- SMS pi bon. Yon sms ka pase lè yon apèl telefonik pa pase.
- Planifye yon kote nou ap rankontre lè sa posib pou fèt.

Pwoteje dokiman enpòtan yo

Pwoteje dokiman enpòtan yo, tankou dosye pèsònèl, finansyèl, asirans, medikal konsa pou ou ka rekipere ou touswit.

- Ak de nesans, paspò, kat Sosyal Sekirite, polis asirans, kontra, ipotèk, lwaye, papye lajan prete. Foto byen yo.

- Mete a jou dènve foto dijital pwòch ou yo chak sis mwa, espesyalman pou timoun.
- Lis medikaman, alèji ak ekipman medikal.
- Gade [Planifikasyon Dezas ak Finansyè](#) ak [Kit Finansyè Premye Swen](#)

Pwoteje lakay ou ak byen ou

- Ranfòse pòt yo, fenèt yo, mi yo ak tèt kay la yo. Pwoteje fenèt ak volè anti tanpèt pèmanan oswa investi nan yon playout martim demi-pous ki pre koupe pou adapte a pòt ak fenèt ou yo. Konsidere konstwi yon [chanm sekirize ki ranpli kritè FEMA yo](#).
- Idantifye yon kote pou mete ekipman jadin to, jwèt, zouti ak poubèl (lwen de eskaly ak sòti yo). Ankre bagay ki pa tap pridan pou ta mete yo anndan kay (egz. gri a gaz ak tank pwopàn). Koupe oswa retire pye bwa ki pre kay la ki ka tonbe sou li. Evide tepe fenèt paske sa pap anpeche yon kraze, men sa ap kreye yon pi ggwo moso glas ki ka koze blesi grav.
- Pa kite debri nan goutyè yo ak kanal yo. Anpile materyèl pwoteksyon ijans yo tankou plwayout, bach platik, ak sak sab. Enstale alam pou dlo ak ponp pwiza ak batri de rezèv. Enstale "klapè anti-verou" nan egou yo. Elve sistèm chofaj la (founèz), chofaj dlo, ak pano elektrik la si yo riske inonde. Sou sòl ki pa pran dlo.
- Si se lwe ou lwe kay, pale ak mèt kay la de mezi nou ka pran ansanm. Pou moun ki mèt kay yo, gade [Evite Domaj Ouwagan – Yon list Kontwòl pou Mèt Kay yo](#). Si ou ap lwe, asirans mèt kay la pap kouvri domaj ki fèt a byen ou yo, kidonk, konsidere achte asirans pou moun ki ap lwe. Anpil asirans pou kay pa kouvri pèt ki gen pou wè ak inondasyon, pran asirans inondasyon ki separe si kote ou rete a gen risk pou inondasyon. Aprann plis nan [FloodSmart.gov](#).

Resous Adisyonèl

- FEMA: ready.gov/hurricanes
- CDC: cdc.gov/disasters/hurricanes/index.html ak cdc.gov/disasters/hurricanes/covid-19/prepare-for-hurricane.html
- Sant Nasyonal Ouwagan: nhc.noaa.gov/
- Lakwa Wouj Ameriken redcross.org/get-help/how-to-prepare-for-emergencies/types-of-emergencies/hurricane.html